

KONNEN DWA W YO

PREPARE W:

- Asire w tout dokiman enpòtan yo konsève nan yon espas ki sekirize kote tout manm fanmi yo gen aksès avèk yo.
- **Prepare yon plan avèk fanmi w** nan ka **ou menm oswa yon manm fanmi an ta nan men ICE (Imigrasyon ak Aplikasyon Lwa Dwàn)**, san bliye idantifye yon moun pou okipe timoun ou yo.
- Kenbe **nimewo telefòn enpòtan yo nan tèt**.
- Kontakte yon avoka ki espesyalize nan imigrasyon

OU GEN DWA:

- Ou gen **dwa pou ou rete an silans** epi pou w kontakte yon avoka.
- Ou gen dwa pou w gen yon pwosedi regilye epi pou **ka w la pase devan yon jij**.
- Ou gen dwa pou w **pa kite yo fouye w** oswa pou w pa kite yo fouye lakay ou sof si ICE gen yon manda arestasyon (ki pa yon lòd pou mete deyò, elatriye) Ajan yo pa gen dwa fouye w oswa fouye afè w san pèmasyon w oswa san rezon valab.
- Ou gen **dwa pou w mande ICE pati**.

SI W AP KOMINIKE AK ICE:

- Pa bay OKENN enfòmasyon.
- Ou pa bezwen bay estati imigran w oswa kote w fèt.
- Si ICE rantre lakay ou san pèmasyon w, san rezon valab oswa san manda, **montre klèman** ou pa t bay otorizasyon antre lakay ou oswa pou fouye afè w.
- **Pa bay manti oswa prezante okenn fo papye**, ni fo non.
- Ou pa oblije siyen okenn dokiman san w pa pale ak yon avoka. **Pa siyen dokiman ou pa konprann**.
- Si w santi w an sekirite, kreye dokiman pou sa k ap pase a ak telefòn ou (gras ak videyo oswa anrejistreman son).
- Si ICE prezante lakay ou oswa nan espas w ap travay, **mande pou w wè manda a** avan w ouvè pòt la.

Avètisman Legal: Dokiman sa a se pou enfòmasyon jeneral sèlman. Sa ki ladan l yo pa konsèy jiridik.